Washington State Department of Social & Health Services
Transforming lives

DEVELOPMENTAL DISABILITIES ADMINISTRATION

Yëgleb àppu mën-bokkug ku am (10) at

Notification of Age Ten (10) Eligibility Expiration

BIS BI:

TUR AK ADRESU KILIYAAN BI

TUR AK ADRESU KI TEEWAL KILIYAAN BI

RE: YËGLEB ÀPPU MËN-BOKKUG KU AM (10) AT

Fimne nii sa doom kiliyaanu waa Dalal Waylaago Màgg yi (DDA) la. Su sa doom xasee ba dugg ciy fukki atam, du mën nekk kiliyaanu DDA. Sudee bëgg nga sa doom bokk ci DDA, fàww nga dugalaat këyit laata muy am fukki at. Fàww ñu yóbbuwaat sa doom ñu xool ndax amna lenn ci mbir yii di tax mu mën ci bokk:

Xel mu wayadi, Xel mu laago, Epilepsi, Ótism, wala beneen xeetu laago nërologik wala beneen xeetu laago.

Boole waale nanu ci *Tablo Këyit yiñ Laaj* ngir nga xam li ñu lay laaj soo bëggee sa doom bokk.

Nan laay tontoo?

Jokkool ak waa ndawi ak kilifay DDA gën gaa yeex 90 fan laata sa doom di am fukki at ngir ñu jox la këyit yi ngay dugalaat. Soo ko saxlaa mën nga leen bind imeel wala nga woote ci nimero telefon bi ci suuf. Dina ñu la yónnee këyit yi ngay soxla. Mën nga am këyit yi nga wara dugal soo demee ci sitwebu https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility.

Leegi suma dugalaatul këyit nak?

Sudee sàkkuwoo këyit yooy dugalaat wala sudee danga yeexa dugalaat këyit, maanaam matul 60 fan laata sa doom di am fukki at, sa doom su xasee ba dugg ci fukki atam dootu ñu ko mënati jël ci DDA. Su sa doom amee serwiisu DDA bu ñuy fay, serwiis boobu dina jeex su sa doom duggee ci fukkeelu atam.

Su demee ba mënatul bokk ci DDA loolu duko tere mëna bokk ci prograami njàng yuñ jagleel ñi laago wala SSI, te itam du loolu moo koy tere bokk ci yeneen serwiis yu ci melni DSHS bu la mëna jox, lu melni Medicaid, TANF, wala ndimbal ci dund.

Jéemal tontu nimu gëna gaawe, waaye bumu gëna yeex 90 laata sa doon di dugg fukkeelu atam. Sudee déggu na la, danuy jàpp ni bëggoo wéyal li ngay sàkku sa doom nekk ci DDA. Sudee joxewoo këyit yi war ngir sa doom mëna bokk laata muy am 10 at, sa àppu mën bokk ci waa DDA ak serwiisi DDA dina jeex su amee (10) at.

Soo amee ay laaj wala wala nga soxla jot ci këyit yi, jéemal jokkoo:

TUR	NIMERO TELEFON	ADRES IMEEL

Amna duppib sàrtu nguur gi, di leeral mën bokk gi ci (WAC 388-823) jàppandi na ci net bi, soo ko laajee https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility.

Yabaale yi: Tablo këyit yi ñuy laaj

Cc: Dosiye kiliyaan bi
Ki koy teewal ci yoon

Tablo këyit yi ñuy laaj

JAFE-JAFE LAAGO	AT	CÀMBAR GI	KI KO CÀMBAR	YENEEN MBIR
Feebaru xel	Ku am lu dalee 4 at jëm kaw	Feebaru xel	Sikolog agreye, Sikolog skoleer bu am sañ-sañ ci Washington wala beneen sikolog skoleer bu am sañ-sañ ci National Assoc. Bu sikolog skoleer yi	Rapooru sikolog bu mat sëkk bu wane poñ yi mu am ci saytu xel mu mat (IQ) bu am ñaari jéego yu weesu muwaayen ak ay poñi man-manu nekk ci mbir yu bees ay poñ yu weesu muwaayen ci biir 36 weer yu mujj yi.
Infirmite motris serebraal	Ku am lu dalee 4 at jëm kaw	Infirmite motris serebraal Kwadriplegie Hemiplegie Diplegie	Medesin agreye	Laata bu feeñ bu xale bi amee ñatt (3) at ak leeral yuy wane ni soxla na ku koy jàppale bis bu nekk ci menn mbir wala lu ko weesu (dem wanag, saŋu, lett, solu, dem ak dikk, wala jokkoo).
Epilepsi (Say)	Ku am lu dalee 4 at jëm kaw	Epilepsi wala Trouble epileptik	Neurologue buñ jox sañ-sañ	Càmbar gu lalu ci jaar-jaaru paj ak saytug neurologik, bu benn medesin dëggal wala neurologue nekk epilepsi bu ñuy faj, buy faral di ñëw wala bu fi yàgg, càmbarug man-manu nekk fu bees di wane yenn xeetu tëleg def yenn mbir, loolu yépp mu am ci yu yées muwaayen bi ñuy laaj.
Ótism (DSM-IV-TR bu nekk)	Ku am lu dalee 4 at jëm kaw	Autism or Autistic Disorder 299.00 ci DSM-IV-TR bu nekk	Sikolog agreye, medesin agreye wala ab ARNP buñ boole ak ab sàntar de lotism, ab sàntaru developemaa wala sàntar dekselaas, wala ab konsey sertifiye: Neurologue, psychiatre wala pediatre ci màgg ak doxalin wu baax	Càmbar gu ma sëkk gu bawoo DSM-IV-TR bu mat sëkk, luy firnde jafe-jafe màgg lu jiite muy am 5 at ci wàllu jëflante, wax, jokkoo wala jeu symbolique wala imaginatif, ak saytu man-manu nekk fu bees ak am ay poñ yu am ñaaru écart type yu yées muwaayen bi ñuy laaj.
Jafe-jafe spectre otistik bi (DSM-5 bu nekk)	Ku am lu dalee 4 at jëm kaw	Autism Spectrum Disorder 299.00 DSM-5 bu nekk	Sikolog agreye, medesin agreye wala ab ARNP buñ boole ak ab sàntar de lotism, ab sàntaru developemaa wala sàntar dekselaas, wala ab konsey sertifiye: Neurologue, psychiatre wala pediatre ci màgg ak doxalin wu baax	Càmbar gu ma sëkk gu bawoo DSM-V bu mat sëkk, luy firnde jafe-jafe màgg lu jiite muy am 5 at ci wàllu jëflante, wax, jokkoo wala jeu symbolique wala imaginatif, ak saytu man-manu FSIQ ak am ay poñ yu am ñaaru écart type yu yées muwaayen bi ñuy laaj.
Beneen jafe-jafe neurologik wala laago bu nuru ak moom	Ku am lu dalee 4 at jëm kaw	Jafe-jafe neurologik wala chromosomique buñ xam te mëna jur feebaru xel ak jafe-jafe nekk fu bees	Medesin agreye	Rapooru càmbarug IQ gu mat wala bu weesu 1,5 ci niwoo jàdd bi, mu am ñaari jéego yu weesu muwaayen ak ay poñi man-manu nekk ci mbir yu bees ay poñ yu weesu muwaayen ci biir 36 weer yu mujj yi.

Karmat: Formileer bii dafa joxe leeral yi gëna fës waaye DDA mën na laajte yeneen leeral wala natt. Këyit wii mooy jéego bi njëkk ngir xam ndax mën nga bokk. Li mën bokk gi ci DDA mingi ci WAC Chapitre 388-823.